



Pou Piblikasyon Imedya: 07/10/2021

**GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

**POU: PATI ENTERESE YO**

**SOTI NAN: BIWO GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

**DAT: 7 OKTÒB**

**KONSÈNAN: PREMYE 45 JOU GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

Amezi premye 45 jou li yo ap rive nan fen, Gouvènè Kathy Hochul te kòmanse akselere pou pote rezilta imedyat epi fè gouvènman an travay pou tout Nouyòkè yo.

Lè Gouvènè Hochul te pran pouvwa, li te fè fas ak yon seri pwoblèm presan ki inik ak delè ki te pre rive, sa gen ladan ogmantasyon varyant Delta a, siklòn youn dèyè lòt ak manda vaksinasyon pou pwofesyonèl swen sante - anplis responsabiltè enpòtan ki enplike nan etablisman yon nouvo administrasyon. Li te fè sèman pou elimine distraksyon nan Albany, Hochul te mete pwogrè anvan politik epi te kòmanse travay touswit pou rezoud pwoblèm yo.

Gouvènè Hochul te konsantre sou premye efò li yo pou konbat COVID-19 nan ogmante egzijans pou vaksen ak mask, fè èd pou pandemi yo distribiye pi vit bay lokatè, mèt kay ak imigran ki gen difikilte yo, ak pran mezi odasye, desizif sou lòt pwoblèm priyoritè eta a, tankou kriz nan Rikers Island ak ekspirasyon moratwa pou lwaye a.

Tout sa yo pandan Gouvènè Hochul te bay yon nouvo ton nan Albany ak atravè eta a. Li te konstwi yon nouvo ekip direksyon ki divèsifye ak eksperimante ki pral satisfè pi gwo estanda etik yo. Hochul te pote touswit plis transparans nan Albany nan libere done presi sou lanmò nan mezon retrèt, egzije ajans eta yo pou soumèt plan yo pou ogmante transparans epi aktyèlman ap revize règ etik administrasyon an. Epi li te montre kolaborasyon se pa yon vye mo epi travay an ekip atravè New York kapab - epi pral - pèmèt travay la fèt pou Nouyòkè yo.

Toujou gen pi plis travay ki rete pou fèt. Men nan premye 45 jou li yo, Gouvènè Kathy Hochul te fewòs, devwe ak desizif nan fè New York avanse.

**KONBAT COVID-19:** Gouvènè Hochul konsantre anpil sou konbat COVID-19 la ak pran mezi entèlijans, ki baze sou lasyans pou ralanti pwopagasyon varyant Delta a, fè Nouyòkè yo tounen nan travay ak kenbe timoun yo nan lekòl:

**Manda Vaksen pou Pwofesyonèl Sante yo:**

Li rete fèm sou manda vaksinasyon pwofesyonèl sante nasyonal la pou ogmante pousantaj vaksinasyon yo ak kenbe Nouyòkè yo an sekirite:

- "Hochul New York la pwouve manda vaksinasyon an fonksyone" - [Bloomberg](#)
- "Gouvènè Kathy Hochul gen rezon dèske li vle pwofesyonèl sante yo vaksinen. Avèk tout lòt manda ak pwotokòl yo nan lopital pou anpeche enfeskyon, se yon bagay ki absid pou panse nenpòt pwofesyonèl sante, oswa sendika yo, ap defann dwa pou riske sante pasyan an lè li pa vaksinen. Okenn moun pa ta dwe gen pou enkyete li konsènan lide pou ta soti nan yon lopital pi mal pase jan li te antre a". - [Editorial Times-Union](#)

Lanse yon plan global pou atake sityasyon mank pèsònèl la:

- "Nan lendi swa, madan Hochul te siyen yon dekrè egzekitif ki rann li pi fasil pou travayè swen sante lisansye yo ki soti nan lòt eta ak peyi pou travay nan New York nan ka nenpòt mank pèsònèl Bon pou Gouvènè Hochul". - [Mara Gay, NY Times](#)
- "Nou rekonesan a Gouvènè Hochul pou lidèchip li ak pou plan solid epi estratejik li a pou sipòte enfimyè, pasyan yo epi asire pi bon swen ki posib la" - Pat Kane, RN, [Direktè Egzekitif Asosyasyon Enfimyè Eta New York la \(Asosyasyon Enfimyè Eta New York\)](#)

### **Jou 1 pa rapò ak Jou 45 Done sou COVID/Vaksen**

- Pousantaj pozitivite nan tout Eta a nan 7 oktòb: **2.23%** (Nan 24 out: **3.6%**)
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) nan 7 oktòb: **84.9%** (Nan 24 out: **78.7%**)
- Plis pase **2.2 milyon** vaksen an total administre depi li te fè sèman

### **Manda sou Mask pou Pwogram Lekòl ak VaxToSchool:**

- Aplike yon egzijans pou mask nan lekòl yo pou ede timoun, pwofesè ak elèv nou yo tounen lekòl an sekirite. ("Avèk manda li a, Hochul te kanpe non sèlman pou defann sante timoun yo nan eta a men tou pou kapasite lekòl yo pou bay yon ane edikasyon an pèsòn pandan tout ane a. Se te yon egzijans esansyèl, omwen pandan ane lekòl la ap kòmanse". - [Editorial Nouvèl Buffalo](#))
- Anonse 65 milyon dola nan finansman ak lòt mezi pou asire gwo disponiblite vaksen rapèl COVID-19 la pou Nouyòkè ki pi aje ak vilnerab yo. ("Nou te wè kèk mezi pozitif ki deja ap pran. Gouvènè Kathy Hochul te ouvri chemen an pou anbilansye (EMT) yo administre vaksen" [Editorial Auburn Citizen](#))
- Te anonse yon seri egzijans inivèsèl nan zafè mask ki fèt pou pwoteje Nouyòkè yo kont varyant Delta ki trè kontajye a ak dènye vag enfeksyon COVID-19 la nan tout eta a.
- Pou reponn ak yon pousantaj vaksinasyon ki ba pami Nouyòkè ki gen 12-17 ane yo, li te lanse yon kanpay global pou lanse 120 sit tanporè pou ankouraje Nouyòkè yo vaksinen. ("Timoun ki gen laj pou lekòl, adilt yo pran vaksen yo nan sit vaksinasyon tanporè 'VaxtoSchool'" - [Newsday](#))

### **SOULAJMAN NAN PANDEMI POU LOKATÈ, MÈT KAY AK IMIGRAN NEW YORK**

**YO:** Gouvènè Hochul te akselere distribisyon lajan soulajman pou pandemi an bay Nouyòkè yo.

## Pwogram Asistans pou Lokasyon an Ijans

- Apre kat fwa kantite lajan soulajman pou lwaye a distribiye depi 24 out: 7 oktòb: Plis Pase 800 milyon dola distribiye nan fen semèn sa a (Nan 24 out: 203 milyon dola)
- Eta New York klase kounye a kòm premye nan nivo nasyonal nan pèman ki fèt oswa ki angaje, dapre [Kowalisyon Nasyonal Lojman pou Moun ki Gen Revni Fèb \(National Low Income Housing Coalition\)](#) ("*New York te soti nan pi move pou pase nan meyè nan bay soulajman lwaye*" - [Bese](#))

## Fon pou Travayè ki Eskli

- Plis pase yon 1 milya dola te distribiye atravè Fon pou Travayè ki Eskli yo, premye pwogram nan jan li sou gwo anplè nan nasyon an, pou plis pase 73,000 Nouyòkè imigran ki pa te kalifye pou avantaj asirans chomaj eta ak federal - anpil ladan yo te travayè esansyèl.
- Rive nan fen oktòb, Administrasyon Hochul la pral distribiye konplètman 2.1 milya dola lejislati a otorize.

## Moratwa sou Nouvo Ekspilasyon

- Nan rekonèt ke anpil Nouyòkè toujou gen difikilte akòz enpak ekonomik pandemi an, Gouvènè Hochul te konvoke yon Sesyon Ekstraòdinè epi te travay avèk kò lejislatif la pou adopte yon nouvo moratwa sou ekspilasyon jiska 15 janvye 2022. ("*Premye gwo viktwa Hochul se yon nouvo moratwa sou ekspilasyon*" - [Bese](#))

**REDEFINI TON AN NAN ALBANY:** Gouvènè Hochul ap ouvri yon nouvo epòk transparans, ranfòse gwo estanda etik nan Administrasyon li ak fè presyon pou refòm etik reyèl, odasye pou restore konfyans nan gouvènman an.

## Plis Transparans

- Anonse yon "Inisyativ Gouvènman an pou Transparans" epi te ezije tout ajans responsab nan Eta New York pou soumèt plan yo sou fason yo pral amelyore transparans rive 20 oktòb. ("*Nan New York, lwa gouvènman ouvri yo te souvan pèvèti nan fason pou kenbe sekre. Gouvènè Kathy Hochul te antre an fonksyon nan mwa out pou fè transparans tounen yon mak fabrik administrasyon li an. Semèn sa a, li te kòmanse tansfòme pawòl yo an aksyon.*" - [Editorial Nouvèl Buffalo](#))
- Nan premye jou a, li te kòmanse pibliye yon seri done sou lanmò nan mezon retrèt nan mizajou chak jou sou COVID-19 ke administrasyon anvan an pa te pibliye. ("*Gouvènè Kathy Hochul te fè yon premye pa pozitif madi nan ranpli pwomès li pou fè administrasyon li an pi transparan nan pibliye chif ki ajou sou kantite lanmò ki gen rapò ak covid nan New York.*" - [Editorial Daily Gazette](#))

## Pwomouvwa Refòm Etik Reyèl, Odasye

- Nouvo komisè ki nonmen yo pral sèvi nan Komite Konjwent sou Etik Piblik (Joint Committee on Public Ethics, JCOPE) la.
- Pwomèt pou vire JCOPE "tèt anba" epi anonse administrasyon li an te kòmanse pwosesis travay avèk bon gwoup nan gouvènman an, lejislati ak piblik la pou pwopoze refòm reyèl ak odasye yo.

**ATAKE PWOBLEM PRESAN YO:** Gouvènè Hochul ap pran mezi enpòtan pou abòde pwoblèm presan inik yo ke eta a ap fè fas.

### **Fè Fas ak Kriz nan Rikers Island**

- Siyen "Lwa Less is More" la ki pote sistèm libète kondisyonèl New York la nan 21yèm syèk la epi mennen peyi a nan refòm jistis kriminel imen. Lejislasyon an modifye estanda prèv ak kèk nan lòt pwosedi yo lè y ap detèmine si pou revoke sipèvizyon yon moun nan kominote a ki sou libète kondisyonèl.
- Pwomilgasyon dispozisyon espesifik yo anvan delè lejislasyon yo etabli pou libere jiska 212 moun ki nan prizon jiskaprezan ki elijib nan kad refòm sou libète kondisyonèl yo.

*"Lwa Less is More la: Gouvènè Hochul siyen yon pwojè lwa enpòtan sou refòm jistis kriminel"* - [New York Daily News](#)

*"Gouvènè Hochul siyen yon gwo pwojè lwa sou refòm jistis kriminel 'Less is More' - [News12](#)*

**Tina Luongo, ki se Avoka An Chèf pou Pratik Defans Kriminel nan Legal Aid Society [te deklare](#),** "Legal Aid Society (Sosyete pou Èd Legal) la felisite Gouvènè Kathy Hochul ak Kò Lejislatif la poutèt yo adopte pwojè lwa enpòtan sa a pou tounen lwa ki pral literalman sove lavi".

**Reveran Peter Cook, Direktè Egzekitif, Konsèy Legliz Eta New York la, [te deklare](#),** "Konsèy Legliz Eta New York la remèsye Gouvènè Kathy Hochul dèske li siyen pwojè lwa Less is More la. Pandan twò lontan, anpil Nouyòkè ki te nan prizon te menase san rezon pou retounen nan prizon si yo rate yon kouvrefe oswa randevou pandan yo sou libète kondisyonèl la."

**JoAnne Page, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Fortune Society [te deklare](#),** "Mwen aplodi Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa sa a". Sa pral, literalman, sove lavi".

- Siyen yon [dekrè egzekitif](#) pou elaji odyans tribinal adistans pou akselere pwosedi yo epi pèmèt anplwaye etablisman koreksyonèl yo re-afekte nan transpò prizonye yo nan sipèvizyon ak sekirite lojman nan Rikers Island.
- Te jwenn yon akò avèk Depatman Koreksyon Vil New York pou otorize moun ki nan prizon yo ki te kondane pou omwen katrevendis jou pou yo [transfere](#) soti nan Rikers Island pou ale nan enstalasyon Eta New York yo.

### **Angaje New York pou li se yon lidè nan batay kont chanjman klimatik yo**

- Anonse gwo inisyativ sou enèji vèt pou konbat chanjman klimatik ak kreye travay ki byen peye:
- [De gwo pwojè enfrastrikti transmisyon](#) pou pote enèji renouvlab nan Nò Eta a ak Kanada ale nan Vil New York.

- Objektif [double](#) pou enstale omwen 10 jigawat enèji solè ki distribiye nan Eta New York rive 2030.
- Yon efò [premye nan jan li](#) pou siveye kalite lè nan kominote jistis anviwòmantal premye liy yo.
- Anonse 600 milyon dola nan sibvansyon ki disponib pou [pwojè enfrastrikti dlo ak rezistans nan tout eta a](#)
- Pwopoze yon lòt 1 milya dola pou nouvo "[Lwa sou Obligasyon Anviwòmantal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt](#)" ki renonmen an
- Anonse 59 milyon dola [inisyativ "Lekòl Vèt Pwòp"](#) yo pou amelyore kalite lè a ak redui emisyon kabòn nan lekòl Preskolè rive 12yèm.
- **Julie Tighe, Prezidan Lig Konsèvasyon Votè New York (New York League of Conservation Voters) te deklare,** "Imedyatman anvan Climate Week NYC a, nou kontan anpil pou wè Gouvènè Kathy Hochul priyore anviwòmman an epi anonse envestisman adisyonèl ki pral kreye yon New York ki pi pwòp ak an sante..."
- **Elizabeth Yeampierre, ki se Direktris Egzekitif, UPROSE la, te deklare,** "Pandan anpil jenerasyon, kominote nwa, mawon, ak sila yo ki gen revni fèb yo te akeyi enfrastrikti polyan ak emisyon toksik ki soti nan izin gaz fosil yo, otowout yo, dechè solid yo, ak kamyon dyezèl yo pou site sa yo sèlman - sa ki kreye yon eritaj disparite sante istorik. Sa ankouraje nou pou tandè ke ane lidèchip kominotè yo sou premye liy lan ki te adopte Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a an 2019 reyalize kounye a nan anons Eta a jodi a..."
- **Rahwa Ghirmatzion, ki se Direktris Egzekitif PUSH Buffalo, ak manm nan Gwoup Travay pou Jistis Klimatik la, te deklare,** "Mwen kontan pou angajman Gouvènè Kathy Hochul pou adrese kriz klima a atravè aplikasyon rapid Lwa Sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a. Nouvèl jodi a pou elaji siveyans kalite lè a nan nivo katye a epi travay dirèkteman avèk òganizasyon lokal ki baze nan kominote a se sa lidè jistis anviwòmantal yo t ap defann pandan anpil ane."
- **Peggy Shepard, ki se Direktris Egzekitif WE ACT for Environmental Justice la, te deklare,** "Etid yo montre ke efè polisyon nan lè a sou sante Nouyòkè yo ki ap viv nan kominote ki afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl pa polisyon an kapab devastatè. Inisyativ siveyans lè sa a pral enpòtan pou bay done ipèlòkal ki nesèsè pou redwi gaz ki lakòz efè sèr ak ko-polyan ki kontribye nan disparite sante nan kominote ki afekte yo. Sa se yon trè bon nouvèl ki soti nan men Gouvènè a."
- "Nouvo angajman pasyonan sa nan New York, mete avèk acha rezo enèji renouvlab ki planifye a, demontre ke Empire State sa serye konsènan aksyon klimatik la epi pou atenn 70% enèji renouvlab an 2030 lan, **Anne Reynolds, ki se Direktè Jeneral Alyans pou Enèji Pwòp New York la (Alliance for Clean Energy New York).**

#### Repons Rapid pou Ede Nouyòkè yo Rekipere Apre Siklòn Ida

- [Deplwaye touswit resous Eta New York yo](#) pou zòn ki plis frape yo.
- Garanti yon [Gwo Deklarasyon Katastwòf nan men Prezidan Biden](#) pou mete tout fòs Mezon Blanch dèyè rekiperasyon New York apre Ida.

- Anonse yon [fon soulajman sou rekiperasyon apre Ida ki se 27 milyon dola pou Nouyòkè imigran yo ki eskli nan avantaj FEMA yo](#).
- **Ko-Direktè Egzekitif nan Make the Road, Theo Oshiro [te deklare](#)**, "Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li pran mezi pou bay soulajman ki enpòtan pou imigran ki eskli nan asistans federal apre katastwòf la. Atravè fon sa, vwazen ak pwòch nou yo ki nan bezwen pou soulajman ap kapab kòmanse repare kay yo epi avanse ak lavi yo."
- **Direktè Egzekitif ak Chinese-American Planning Council, Inc., Wayne Ho [te deklare](#)**, "Chinese-American Planning Council fyè pou fè patenarya avèk Eta New York pou ede bay soulajman ijans pou imigran ki pa gen papyè ki afekte pa Ouragan Ida yo. Anpil moun ak fanmi ki pa gen papyè pa kalifye pou asistans FEMA. Nou kontan ke y ap mete nouvo resous sa disponib pou ede yo retounen sou pye yo pandan moman difisil sa."
- **Direktè Egzekitif MinKwon Center for Community Action, John Park [said](#)**, "MinKwon Center for Community Action fyè pou fè patenarya ak inisyativ enpòtan sa pou konekte resous yo ak imigran ki pa gen papyè yo ki afekte pa ouragan Ida. Anpil imigran ki pa gen papyè nan New York souvan ki reprezante anpil nan lojman lokatif nan sousòl yo, genyen pèt ki enpòtan lè sistèm egou ak drenaj yo te anvayi pa inondasyon Ida te lakoz yo. Avèk politik federal ki mete baryè pou fanmi ki pa gen papyè ki enkli DREAMers yo ki pa resevwa fon soulajman apre katastwòf FEMA a, ou rekonesan pou anons Gouvènman Hochul ak Majistra de Blasio a pou resous ki nesesè sa epi ki montre ke yo pa ta dwe refize katye nou yo, kèlkeswa estati imigrasyon yo, èd pou soulajman katastwòf oswa pandemi, men trete yo tankou èt imen ki gen vale ke nou tout ye."

#### **Mete Endistri Kanabis New York la sou Pye li ak Fonksyonèl**

- Nonmen [Reuben R. McDaniel, III ak Jessica Garcia](#) kòm manm konsèy Biwo Jesyon Kanabis la (Office of Cannabis Management, OCM).
- Nonmen ak garanti konfimasyon ansyen Manm Asanble [Tremaine Wright](#) kòm Prezidan Konsèy Kontwòl Kanabis (Cannabis Control Board, CCB) New York la ak [Christopher Alexander](#), yon defansè depi lontan ak otè lwa sou lejislasyon kanabis Eta New York la yo, kòm Direktè Egzekitif Biwo Jesyon Kanabis (Office of Cannabis Management, OCM) la.
- *"Akonpli nan kèk semèn sa ki te pran plizyè mwa pou Andrew Cuomo jere, Gouvènè Hochul te konble pòs yo nan somè nouvo biwokrasi legal mariwana eta a". [Editorial New York Daily News](#)*

#### **Afime Dwa pou Avòtman fas ak vag Anti-Avòtman an**

- An repons ak lwa anti-avòtman nan Texas ak toupatou nan peyi a, [te anonse ajanda](#) pou solidifye Eta New York kòm yon refij ki an sekirite pou sila yo k ap chèche swen avòtman.
- **Donna Lieberman, Direktris Egzekitif New York Civil Liberties Union [te deklare](#)**, "Fas ak atak flagran enkonstitisyonèl Texas sou aksè ak avòtman, nou bat bravo pou aksyon desizif Gouvènè Hochul la nan patenarya ak ekspè yo ak moun ki gen enterè yo pou asire New York se yon eta refij pou tout moun ki

bezwen swen avòtman. Nou p ap kite Texas, oswa nenpòt lòt eta ki eseye fè menm bagay la, retounen nan pase."

- **Andrea Miller, Prezidan, Fon Daksyon National Institute for Reproductive Health** [te deklare](#), "Mwen aplodi Gouvènè Hochul paske li pran mezi ki solid pou asire ke Eta New York ap fè tout sa li kapab pou asire aksè ak tout Nouyòkè yo ak tout moun ki vwayaje vini isit la pou swen. Nou envite gouvènè yo ak lejislatè yo nan eta yo toupatou nan peyi a pou swiv tras li."

### **Kanpe kont Krim Rayisans yo**

- Pou batay kont dènye ogmantasyon krim rayisans yo, [te anonse apeprè 25 milyon dola](#) disponib pou ranfòse sekirite nan òganizasyon san bi likratif yo.

### **Rezoud Pàn Kouran Istorik nan Metwo**

- Apre pwopagasyon istorik pàn kouran nan metwo a, [te mande pou MTA envestige kòz la ak pibliye konklizyon yo nan yon fason ki piblik ak transparan.](#)

**Kreye yon ekip talantye, eksperimante ak divèsifye** pou fè New York avanse, sa gen ladan:

- **Brian Benjamin**, Gouvènè Adjwen, premye Afwo-Karayibeyen
- **Karen Persichilli Keogh**, Sekretè Gouvènè a
- **Elizabeth Fine**, Avoka Gouvènè a
- **Kathryn Garcia**, Direktris Operasyon Eta
- **Robert Mujica**, Direktè Bidjè
- **Doktè Mary T. Bassett**, MD, MPH, Komisè Pwovizwa, Depatman Sante
- **Rory M. Christian**, Prezidan, Komisyon Sèvis Piblik ak Direktè Egzekitif Jeneral, Depatman Sèvis Piblik
- **Adrienne Harris**, Sipè-entandan Pwovizwa, Depatman Sèvis Finansye
- **Neysa Alsina**, Konseye Espesyal pou Soulajman Pandemi
- **Amit Singh Bagga**, Sekretè Adjwen pou Afè Entègouvènmantal
- **Melissa Bochenski**, Chèf Adjwen Pèsonèl
- **Sinéad Doherty**, Sekretè Adjwen pou Operasyon Egzekitif
- **Chatodd Floyd**, Sekretè Adjwen pou Zafè ak Règleman Lejislatif
- **Robin Chappelle Golston**, Sekretè Adjwen Egzekitif
- **Julissa Gutierrez**, Ofisye Divèsite An Chèf
- **Jeff Lewis**, Chèf Kabinè
- **Stacy Lynch**, Chèf Kabinè pou Gouvènè Adjwen Brian Benjamin
- **Marty Mack**, Sekretè Nominasyon
- **Shirley Paul**, Konseye Prensipal ak Direktè Zafè Sikonskripsyon
- **Padma Seemangal**, Sekretè Adjwen pou Operasyon Politik
- **Linda Sun**, Chèf Pèsonèl Adjwen
- **Julie Wood**, Direktris Kominikasyon

### **Selon chif yo depi 24 out**

- **72** evènman piblik
- **42** disponiblite laprès
- **15** konte vizite

## Ranfòse Sekirite nan Espas Travay ak Mete Plis Lajan nan Pòch Nouyòkè yo

- Anonse deziyasyon COVID-19 kòm yon maladi enfektye nan lè nan kad [Lwa HERO Eta New York](#) la.
- **Mario Cilento, ki se Prezidan AFL-CIO Eta New York la, te deklare,** "Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li pran mezi ki desizif, patikilyèman nan Jounen Fèt Travay la, pou asire ke Lwa HERO NY ki enpòtan anpil la aplike nan objektif li, pou pwoteje travayè yo kont COVID-19 la ak maladi kontjye alavni yo. Depi premye jou a, Gouvènè Hochul te pwomèt pou travay nan kolaborasyon ak Lejislati a ak Mendèv la pou bay rezilta pou moun k ap travay yo, epi mezi sa akonpli pwomès sa."
- Siyen [kat pati lejislasyon](#) pou ede ranfòse sekirite nan espas travay epi mete plis lajan nan pòch Nouyòkè k ap travay yo:

Etabli yon pwogram demonstrasyon pou mete anplas sistèm kontwòl vyolasyon vitès la nan zòn travay yo.

Fè kontraktè konstriksyon yo responsab pou salè yo dwe anplwaye soutretan yo.

Egzije pèman salè ki anvigè a tou pou anplwaye sèvis konstriksyon nan koperativ ak kondò wo nivo.

Elaji Benefis Travay Pataje yo

**Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon Eta New York (New York State Building and Construction Trades Council) la [te deklare,](#)** "Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon enpòtan sa an lwa, k ap bay travayè konstriksyon New York yo yon nouvo remèd pou goumen kont byolasyon vòl salè yo ki prive gason ak fanm k ap travay di yo de diyite ak mwayen sibzistans yo.

**Prezidan SEIU Lokal 32BJ, Kyle Bragg [te deklare,](#)** "Nan jounen fèt travay sa, 32BJ felisite Gouvènè Kathy Hochul paske ou siyen lejislasyon leve travayè New York yo ak pi bon salè ak benefis epi ranfò pwoteksyon yo. Plis pase 2,000 travayè sèvis konstriksyon ki te riske lavi yo pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite pandan pandemi COVID-19 la ap finalman genyen salè ki ka soutni fanmi yo..."

**Sekretè Egzekitif-Trezorye Konsèy Chapantye Distri Vil New York la Joseph Geiger [te deklare,](#)** "Pandan plizyè ane, kontraktè avid yo te anake travayè ki eksplwate yo ki pa gen okenn kote pou yo ale. Lejislasyon sa ap asire ke chak travayè konstriksyon nan New York pwoteje kont vòl salè a. Sa apwopriye pou Gouvènè Hochul ki se yon alye regilye pou mendèv ak travayè tout kote yo, siyen li an lwa..."



## **Ki Kote Nou Prale**

Pandan pwochen 45 jou yo ak pi lwen pase sa, pi bon jou Nouyòkè yo pi devan.

Swa l ap travay pou mete fen nan pandemi an, fè presyon pou plis soulajman ekonomik, konbat kriz vyolans ak zam oswa repare sistèm jistis kriminel brize nou an, Gouvènè Hochul ap kontinye pote yon apwòch nouvo ak kolaboratif pou gouvènè.

Gen plis travay toujou pou nou fè epi Gouvènè Hochul pare pou pran mezi odasye pou fè sa ki pi bon pou Nouyòkè yo.

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)